

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan dikasangkutan ku mekarna téhnologi jaman kiwari anu ngabalukarkeun inténsitas anu mindeng dina makéna média sosial *twitter* basa Sunda. Basa Sunda anu dipaké dina akun-akun *twitter* téh henteu waé basa Sunda anu luyu kana aturan jeung tatakrama basa, tapi réa ogé anu tojajah tur ngarémpak aturan basa Sunda. Ieu panalungtikan boga tujuan pikeun mikanyaho tur ngadéskripsikeun wanda kalimah basa Sunda anu kapanggih tina média sosial *twitter*. Ari déskripsina ngawengku tilu hal, nyaéta wanda kalimah, komponén pragmatik kalimah, jeung kontéks sosial dipakéna kalimah. Dumasar kana hasil analisis tina média sosial *twitter* dina bulan Mei nepi ka Juni 2021, kapaluruh aya 55 data kalimah basa Sunda dina média sosial *twitter*.

Wanda kalimah basa Sunda anu kapaluruh dina ieu panalungtikan téh nyaéta kalimah lengkep jeung kalimah teu lengkep. Wanda kalimah anu kapaluruh nyaéta kalimah salancar basajan, kalimah salancar jembar, kalimah ngantét satata, kalimah ngantét sumélér,

Kontéks sosial dina média sosial *twitter* anu nyoko kana aspék UNGKARA téh kapaluruh undak-usuk basa Sunda panglobana nyaéta ragam basa loma, tapi aya ogé nu maké ragam basa hormat. Ragam basa loma paling loba kapaluruh ku sabab pamaké média sosial *twitter* téh ka asup kana jalma anu modéren anu henteu mandang kana umur, pakasaban jeung kasang tukang sosial pamaké *twitter* séjénna. Nu maké basa dina média sosial *twitter* nilik tina warugana téh panglobana lalaki. Ieu téh bisa ditingali tina foto profil, *username*, jeung topik atawa jejer nu dicaritakeun. Sedengkeun nu dicaritakeun patali jeung topik omongan anu kapaluruh panglobana nyaéta topik salancar, tuluy topik jembar, sedengkeun anu pangsaeutikna nyaéta topik sambung-luncat. Kasang tukang anu kapaluruh téh panglobana kasang tukang waktu, kasang tukang tempat, jeung kasang tukang suasana anu henteu resmi. Rasa anu kapaluruh dina ieu panalungtikan téh nyaéta

Tiara Camelia, 2022

WANDA KALIMAH BASA SUNDA DINA MÉDIA SOSIAL TWITTER (Ulukan Sosiopragmatik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

rasa yakin, rasa sedih, rasa keuheul, rasa resep, rasa ragu-ragu, rasa ambek, jeung rasa hanjakal. Ari nada anu kapaluruh nyaéta nada reueus, nada, jeung nada sinis. Nada téh patalina jeung rasa, contona nada reueus patalina jeung rasa yakin jeung resep. Nada nyungkun patalina jeung rasa sedih, hanjakal, jeung ragu-ragu. Nada sinis patali jeung rasa keuheul jeung ambek. Amanat omongan anu kapaluruh panglobana nyaéta amanat omongan pananya, ku sabab panyatur dina média sosial *twitter* mikabutuh jawaban atawa perhatian ti pamiarsana. Amanat omongan séjénna anu kapaluruh téh amanat panyeluk jeung wawaran.

Ma'na pragmatik kalimah anu kapaluruh dina média sosial *twitter* téh panglobana mangrupa kalimah komisif, anu pangsaeutikna kalimah impositif, sarta sésana kalimah éksprésif. Kalimah komisif téh salasihiji wujudna nyaéta ngawarkeun anu luyu jeung kalimah-kalimah nu kapaluruh dina média sosial *twitter*.

5.2 Implikasi

Twitter salaku média sosial téh miboga mangpaat pikeun ngalegaan ramatloka jeung bisa ngaksés dunya luar tanpa mikabutuh waragad anu gedé. Cukup ku ayana internet, média sosial *twitter* bisa maheutkeun tali silaturahmi.

Ieu tulisan dipiharep bisa ngajembarkeun pangalaman, pamahaman, élmu pangaweruh, jeung wawasan ka masarakat ngeunaan wanda kalimah, aplikasi *twitter*, jeung sosiopragmatik basa Sunda. Dina kahirupan jaman kiwari, pamahaman aplikasi média sosial hususna *twitter* téh bisa ngeuyeuban basa Sunda sangkan tuluy dipaké dina kahirupan sapopoé.

5.3 Rekomendasi

Sabada panalungtikan ngeunaan wanda kalimah basa Sunda dina média sosial *twitter* (ulikan sosiopragmatik) dilaksanakeun, aya sababaraha rékomendasi anu bisa ditepikeun. Kahiji, pikeun masarakat umum nu maca, basa Sunda dina média sosial téh henteu saukur basa anu dipaké dina kahirupan sapopoé, tapi bisa dijadikeun panalungtikan anu bisa ngajembaran élmu pangaweruh. Kadua, pikeun panalungtik séjénna dipiharep bisa leuwih lega, jero jeung jembar dina maluruh

wanda kalimah, unsur sosial, sosiopragmatik basa Sunda, jeung média sosial. Katilu, loba kénéh média sosial séjénna anu bisa ditalungtik salaku objék panalungtikan jeung tiori-tiori séjénna nu bisa dipaké pikeun panalungtikan. Ku sabab, dina média sosial *twitter* atawa média sosial séjénna loba kontéks anu bisa dipaluruh.